# Дигорон æвзаги диктæнтти æмбурдгонд

## Дзурдуат: *1-аг - 4-аг кълæстæн.*

**Дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæ**

***Абонккæй*** – *с утра, весь день.*
***Авданзиккон*** *– семилетний.*
***Аййев*** *– красивый, приличный, привлекательный, выразительный.*
***Аййевадæ*** *– искусство.*
***Алли*** *– каждый, всякий, разный.*
***Аллибон*** *– ежедневно, каждый день.*
***Алливарс*** *– вокруг, кругом.*
***Аллирауæн*** *– везде, всюду.*
***Аллирдигæй (аллирдæгæй)*** *– со всех сторон, отовсюду.*
***Аллихатт*** *–каждый раз, всякий раз.*
***Аллихузон*** *– разный,разнообразный, различный, всякий.*
***Астæуккаг*** *– средний.*
***Ауон (хорауон)*** *– тень.*

***Æййафун*** *– догонять,настигать, доходить.*
***Æййевун*** *– меняться, заменять.*
***Æртиккаг*** *– третий.*
***Æртиккæг*** *– среда.*
***Æфсæддон*** *– боец, воин, военный, армейский.*
***Æхсæрсæттæг*** *– белка.*

***Бæлццон*** *– путник, путешественник.*
***Биццеу*** *– мальчик.*

***Гæггог*** *– кукушка.*
***Гæппæл*** *– лоскут, тряпка.*
***Голлагæ*** *– мешок.*
***Гопп****–хохол (у птиц.*
***Гоппойцъеу*** *– удод, жаворонок*

***Гъæддаг*** *– лесной, дикий; дикарь.*
***Гъæуккаг*** *– сельчанин, сельский, деревенский.*
***Гъæццол****– одеяло.*

***Дæллаг*** – *нижний.*
***Дессаг*** – *чудо, диво, чудесный, удивительный.*
***Дуккаг*** – *второй.*
***Дууæ*** – *два.*

***Еууон*** – *единственный; единичный.*

***Зæлланг*** – *звон, звук.*

***Иннæ*** – *другой, иной, следующий.*
***Иссерун*** – *найти, отыскать; обнаружить.*

***Кæддæр*** – *когда-то, некогда.*
***Къæрцц(къурцц)***– *треск, стук, удар.*
***Къопп*** – *короб, коробка.*
***Къоппа*** – *макушка, голова, гребень.*
***Къупп***–*стук, удар.*
***Къуппур*** – *бугорок.*

***Лæуун*** – *стоять, оставаться.*

***Медæггаг*** – *подкладка; внутренний.*
***Молло*** – *мулла.*

***Науат*** – *гавань, пристань, порт, стоянка кораблей.*
***Ниллæг*** – *низина, низкий, низменный.*
***Нуриккон*** – *нынешний, современный, настоящий.*

***Раззаг*** – *передний, передовой.*

***Сæумиккон (сæумон)*** – *утренний.*
***Сибиртт*** – *шум, звук, шорох.*
***Скъапп*** – *шкаф.*
***Сувæллон*** – *ребёнок, дитя.*

***Тæппазæ (тæппæзтæ)*** – *конечность.*
***Тæппал*** – *волдырь, нарыв, язва.*
***Тæппод*** – *робкий, трусливый.*
***Тæссаг*** – *опасный, страшный.*
***Тæссагдзийнадæ*** – *опасность.*
***Тæссар (къолæ)*** – *склон.*
***Тæссарвæд*** – *кривой, извилистый след.*
***Тæссонд*** – *ломкий, хрупкий, опасный.*
***Тиллæг*** – *урожай, посевы, злаки, хлеба.*
***Тиллеф*** – *уклоняющийся,увиливающий.*

***Туппур*** *– бугор, холм, курган.*
***Турккаг*** *– турок, турецкий.*

***Тъаффæ*** *– лист, листок (бумаги).*
***Тъæппил (тъæфил)*** *– хлопья снега, снежинка, пушинка.*
***Тъæнкк****– треск, хлоп.*

***Уæддæр*** *– всё же; всё-таки, всё равно, однако.*
***Уæззау*** *– тяжёлый.*
***Уæййаг*** *– продажный, подлежащий продаже.*
***Уæллаг*** *– верхний, всевышний.*
***Уæрццæ*** *– перепёлка, перепел.*
***Унаффæ*** *– совет, наставление, решение, постановление, распоряжение.*

***Фарикков*** *– прошлогодний.*
***Фæззæг*** *– осень.*
***Фæллад*** *– усталость, усталый.*
***Фæллойнæ*** *– труд, работа.*
***Фиййаг*** *– большая широкая деревянная лопата для чистки снега.*
***Фиййау*** *– пастух, чабан.*
***Финддæс*** *– пятнадцать.*
***Фиццаг*** *– первый.*

***Хæдзарккаг*** *– домочадец, член семьи.*
***Хæссун*** *– нести, уносить, уводить.*
***Хуаллаг*** *– еда, пища, корм.*
***Хуррут (хурхур)*** *– фырканье, храп, храпение.*
***Хуссæг*** *– сон, спящий.*
***Хуссæн*** *– постель, кровать.*

***Хъаппæ*** *– косточка в плодах, ядро.*
***Хъæппæл*** *– одежда.*
***Хъæрццигъа*** *– ястреб.*
***Хъуррой*** *– журавль.*

***Цæппæр*** *– пуговица.*
***Цилле*** *– шёлк, шёлковый.*
***Цæппозур (фæрдуг)*** *– бусы, бусина, жемчуг, жемчужина.*
***Циййес*** *– имущество, богатство.*
***Цуппар*** *– четыре.*
***Цуппæрæн*** *– четверг.*
***Цуппæрæнхай*** *– четверть.*

***Цъопп****– шерсть; верхушка, вершина, крона.*
***Цъоппин*** *– шерстяной.*

**Вазуггин дзурдтæ**

***Авдисæр***– *понедельник.*
***Авданзиккон*** **–** *семилетний.*
***Астанзиккон*** **–** *восьмилетний.*
***Æрæгвæззæг*** **–** *поздняя осень.*
***Хорауuон*** **–** *тень.*
***Хуаллагдонæ*** **–** *амбар, сеновал.*
***Цæрæнбунат*** **–** *местожительство.*
***Цъоппидзаг*** **–** *занятый, полный.*

## 1-аг къласи финсуни уроктиæрмæг

### *3-аг цуппæрæн хай.*

**Цæстуингæ (хузти) диктант: (картинный диктант)**

1. **Бæх, дон, куй, хор, карк, тикис, мистæ.**
   ***(Баханхæ кæнун æмгъæлæсонти буни.)***
2. **Заруй Гасан. Бадуй Солтан. Финсуй Фузæ. Кафуй Аминæ.**

***(Баханхæ кæнун адæймаги нæмтти буни)***

### *4-аг цуппæрæн хай.*

**Дзурдуатон диктæнттæ:**

1. **Еу, дзол, сау, къолæ, айкæ, гъог, хъаз, цъарæ.**
   ***(Баханхæ кæнун еуиуонгон дзурдти буни.)***

2. **Ерис, къумæл, едуг, лæдзæг, узун, биндзæ, уорс, сæгъæ.**
   ***(Баханхæ кæнун еу рæнгъæй иннемæ хæссæн ци дзурдтæн нæййес, уони буни.)***

3. ***Мухургонд текст рафинсун тетрæдтæмæ къохфинст дамугъатæй.***

**Хуæрзбонтæ!**

Цъæх уалдзæг сæрдæмæ
Равардта æ бартæ, -
Зæгъæн уин хуæрзбонтæ,
Не скола, нæ пъартæ!
**(** ***Æгас тексти гъæлæсонти буни баханхæ кæнун.)***

**Диктант: «Уалдзæг»**

Æрцудæй уалдзæг. Хор ирд кæсуй. Цъеутæ тæхунцæ хонсарæй. Кæрдæг искастæй.

*( 1-аг æма 2-аг гъудиæдти баханхæ кæнун æмгъæлæсонти буни.)*

## 2 къласс

### *1-аг цуппæрæнхай*

1. **Дзурдуатон диктант.**

   ***Къ**амбец, **къ**ела, **хъ**аз, **гъ**æдæ, дзæбокæ, **цъ**илин, **тъ**æфил, **пъ**олци, дзабур, **цъ**арæ.*

2. **Цæстуингæ (хузти) диктант.** *(Картинный диктант)*

   *Æхсин**цъ**æ, æр**гъ**ау, **гъ**ог, **дз**æ**гъ**ин**дз**æг, **къ**алеу, **къ**отæр, **хъ**æбуза, **цъ**ах, **цъ**еусор, **цъ**инда.*

3. **Дзурдуатон диктант:** *(дз-з, пъ-п, тъ-т, хъ-х, гъ-х)*

   дзаман – замана, гъæмпæ – хæмпæл
   къæдзæ – кæрцæ, пъолци – похци
   тъæпæн – тæмæн, тъæфил – тæли,
   хъазмуз – харбуз, хъæзæ – хæрсæ,

### *2-аг цуппæрæнхай*

1. **Дзурдуатон диктант.**
   ***Е**руй, **е**гъау, **е**рис, зæйæ, мæйæ, **у**адæ, **уайуй** , уæйæ, **у**инуй, **у**оми, **у**осонгæ.*

2. **Цæстуингæ (хузти) диктант.** *(Картинный диктант)*
   *Биндзæ, дзæмбу, киндзæ, къæндзæг, къубус, мæскъæ, саргъ, берæгъ, цалх, хонх, хъаз, хъæнделæ.*

3. **Дзурдуатон диктант.**

   *Дзæнгæрæг – **ц**æгиндзæг , **дз**урд – **ц**урд , **гъ**æдæ – **х**æрдæ, **гъ**æбес – **х**æрес , æрдзæ – кæрцæ.*

### *3-аг цуппæрæнхай*

1. **Дзурдуатон диктант**
   Лизæ æма Зинæ зонунцæ зарун. Хетæг æма Харум хормæ сæхе тавунцæ. Куй Мела Алани фæсте уайуй. Лæнци лæууй нæ гъæу Чикола.
   ***(Сæрмагонд нæмтти буни баханхæ кæнетæ.)***

2. **Цæстуингæ (хузти) диктант.** *(Картинный диктант)*

   **Биц-цеу, фий-йау, уæ-йуг, фий-йаг, са-гой-нæ, едуг, цъай, ай-кæ, туас-сæ.**
   ***(Еу рæнгъæй иннемæ хæссунмæ радех кун аци дзурдтæ.)***

3. **Зæллангон æма æзæллангон æмгъæлæсонтæ:**
   Берæ**гъ**тæ, сæ**гъ**тæ, бабу**з**тæ, хъæ**з**тæ, мæр**гъ**тæ, бæ**х**тæ, уæр**гъ**тæ, сæ**г**тæ, хуæн**х**тæ, æртæ**х**тæ, лæдз**г**утæ, къамбе**ц**тæ.

4. **Банхæст кæнтæ дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæй дзурдтæ:**
   Би..еу, лæ..й, уæ..ау, гъæ..аг, цæ..æр, цу..ар, фæ..æг, го..агæ, ти..æг, уæр..æ, хæ..æ.

**Контролон финсуйнаг: « Арвирдунæ »**



Тар мегътæ фæззиндтæнцæ арвбæл. Арв нитталингæ æй. Карз уарун æркалдта æма цурд фæцæй. Минкъий Зæринæ рацудæй гъæунгæмæ. Райдзаст арвбæл уинуй ирд арвирдунæ. Кизгæ дес кæнуй рæсугъд фæззиндбæл. (27дз.)

**Диктант «Хуарз æмбал»**

Ирæ фæссæйгæ æй. Æ синхаг Фатимæ имæ сæйгæфæрсæг æрбацудæй. Скъолай хабæрттæ ин ракодта. Сæйгæн адтæй æхцæуæн. Цубур рæстæгмæ радзæбæх æй Ирæ æма идарддæр ахур кæнуй скъолай. ***(26 дз)***

**1вариант** ***2-аг гъудиадди дзурдтæн гъæлæсонти буни баханхæ кæнун.***

**2 вариант** ***3-аггъудиадди дзурдтæн гъæлæсонти буни баханхæ кæнун.***

**2 -аг *цуппæрæнхай***

**Контролон диктант: «Фæззæг»**

Бон фæццубур æй. Хор арвбæл ниллæгути цæун байдæдта. Кæрдæг фæббор æй. Бæлæсти сифтæ æгъзæлунцæ. Гоцгæнагæ мæргътæ хонсармæ тæхунцæ. Уонæн сæ фæндарасти гъæртæ игъусунцæ арвæй. **(25дз.)**

**1 вариант** ***2-аг гъудиадди дзурдтæн æмгъæлæсонти буни баханхæ кæнун.***

**2 вариант** ***6-аггъудиадди дзурдтæн æмгъæлæсонти буни баханхæ кæнун.***

**Диктант «Робас»**

Робас цæруй гъæди. Æй налат сирд. Искъахуй æхецæн бунатзæнхи. Еци цæрæнбунат хунnуй хуккойнæ. Цæрæгой хуæруй миститæ.Робас кæркитæ дæр давуй. Нур æ бæдоли хæццæ хормæ рацудæй. Ахур æй кæнуй цауæн кæнунбæл. **(32дз.)**

**1 вариант** ***Радех кæнæ дзурдтæ еу рæнгъæй иннемæ хæссунмæ:* æхецæн, хуккойнæ.**

**2 вариант** ***Радех кæнæ дзурдтæ еу рæнгъæй иннемæ хæссунмæ:* искъахуй, хæццæ**

**3 – аг *цуппæрæнхай***

**Контролон диктант: «Гъæддзау»**

***(«Устур дамугъа адæймаги нæмтти»)***

Астанзиккон Керменæн æ мади æнсувæр балæвар кодта гъазæн фæрæт. Кермен æхецæй гъæддзау райаразта. Фæрæт æ усхъæбæл æривардта æма уæртæ фæууайуй. Дзæхæрай исмедæг æй биццеу. Æригон фæткъу бæлæстæй рæсугъддæри равзурста æма ´й ракъуæрдта. ***(31дз.)***

1. ***Текстæй рафинсун дзурдтæ æнкъай æма æнæнкъай æмгъæлæсонти хæццæ цæгиндзæй. Сæ бæрæггæнæн дзурдтæ син сæ фарсмæ ниффинсун.***

***Кусти дæнцæн:***

***исмедæг – медæгæй***

2. ***Сæрмагонд нæмтти буни баханхæ кæнун.***

**Диктант: Зуймон гъæзтитæ**

***(Дувæргонд æмгъæлæсонти растфинсуйнади темæмæ æрмæг.)***

Ралæудтæй зумæг. Хæмпос мет æрæмбарзта зæнхæ.Уорс æмбæрзæн хормæ æрттевуй. Дæнттæ ниссалдæнцæ. Дессаги рæстæг искодта. Сувæллæнттæ рацудæнцæ туппурмæ. Уоми ес гурæн фæзæ.
Сабийтæ си гъазунцæ метикъубулæнттæй, цонæгътæй. Сæ цийнæн кæрон нæййес.

(***32 дзурди)***

1. ***Радех кæнæ дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонти хæццæ дзурдтæ еу рæнгъæй иннемæ хæссунмæ:***

**1 вариант** — ***Дæнттæ, æрттевуй, ниссалдæнцæ.***

**2-аг вариант** — ***Сувæллæнттæ, туппурмæ, нæййес.***

**Контролон финсуйнаг** «Фæрститæ ***циуавæр?***æма ***цихузæн?-и*** **темæмæ: «Иристон»**

**Рæсугъд** æй Иристон. Бæрзондæй фæлгæсунцæ **æносон** цъететæ. Арви цъæхи нигъулунцæ **Кавкази** хуæнхти цъоппитæ.Уони рæгътæбæл дæнттæ сур-сур кæнгæ уайунцæ. **Донæфсес** æрдозтæй **цъæх** кæрдæг кæлуй.
**Гъæздуг** æй Иристони æрдзæ зайæгойтæ æма цæрæгойтæй.

1. ***Баханхæ кæнун минеуæгæвдесæг дзурдти буни.***

**4-аг цуппæрæнхай**

**Контролон диктант: «Рагуалдзæг».**

Ралæудтæй уалдзæг. Хор хъæбæрдæр тавун райдæдта. Меттæ тайунцæ. Гъæунгтæ къанæуттæй байдзаг æнцæ.Сувæллæнттæ гæгъæдин наутæ раскъардтонцæ дæнтти. Сæ фæсте уайунцæ цийнæ кæнгæ.
Фæззиндтæнцæ саумæлгъитæ хонсарæй. Нæ базургин лимæнтæ аразунцæ астъæнттæ бæлæстæбæл.***(31дз.)***

1. ***Тексти иссерун æма рафинсун 3 дзурди (архайдæвдесгутæ).***
2. ***Тексти минеуæгæвдесгутæиссерун æма син сæ буни баханхæ кæнун (уолæнтæй)***

**Контролон диктант: «Мæргътæ æртахтæнцæ».**

Уалдзæг æрцудæй. Хор гъар æрбатавта. Мæргътæ тæхунцæ гъар бæстæй.Фиццаг фæззиндтæнцæ саумæлгъитæ æма сауцъеутæ. Уæдта æртахтæнцæ зæрбатгутæ. Нур будурти зарунцæ гоппойтæ, уæрццитæ, дзилитæ. Гъæуи алфамбулай мæргъти цъæбар-цъубурæй
байдзаг æй. ***(30дз.)***

1. ***Баханхæ кæнун сæйраг иуæнгти буни:***

1-аг вариант – 2-аг гъудиади

2-аг вариант – 3-аг гъудиади

2. ***Тексти иссерун æма рафинсун 3 дзурди (архайдæвдесгутæ).***

## Диктант: «Ханси мæйæ»

Нæ фиддæлтæ уалдзæги фæстаг мæйæ худтонцæ ханс. Бæрзонд кæрдæг дæр хуннуй ханс. Уомæн æма, уалдзæгæн æ кæронæрдæмæ зæнхæй æвзарæ кадæр уадзуй, етæ еугурæй дæр сæхе бæрзонд исесунцæ, исханс унцæ. Нур мах рæстæги ба еци мæйæ хонунцæ май.

1. ***Еу рæнгъæй иннемæ хæссунмæ радех кæнетæ дзурдтæ:*** **фиддæлтæ, хуннуй, еугурæй.**
2. ***Дууæ дзурдбасти рафинсун* – «миногон + номдар» .**

## Контролон диктант: «Борæмæлгъæ».

Адтæй райдзаст сæрдигон сæумæ. Мæргътæ райгъал æнцæ. Кæмидæр заруй борæмæлгъæ. Банцайуй æма бабæй нæуæгæй низзаруй бæласи цонгæй.Уæд сæ зарун фæууадзунцæ иннæ
цъеутæ. Сауцъеутæ, гоппойтæ, дзубулдартæ æма æндæр мæргътæ
игъосунцæ борæмæлгъи рæсугъд зартæмæ. ***(32дз.)***
***1 аг æма фæстаг гъудиæдти минеуæгонти буни уолæнтæ хæнхитæ бакæнун.***

## Диктæнттæ æма сфæлдистадон куститæ (3-аг къласæн)

### *1-аг цуппæрæнхай*

1. **Дзурдуатон диктант.**

   Дæн**..**æ, халæн**..**æ, фиййæу..æ, хæдæн..æ, аргъæу..æ, сагæн..æ, уæззæу..æ, цæхдæн..æ, курæн..æ, сайтæн..æ, фиртæн..æ, фадуæ..æ.

2. **Дзурдуатон диктант.**

   Бæрзонд бæласæ, адгин хуæруйнаг, косæн дарæс, ахури дзаумæуттæ, дессаг хабæрттæ, зундгин сувæллæнттæ.

   (Еу дзурдбасти хæццæ гъудиадæ исаразун)

3. **Цæстуингæ (хузти) диктант.** *(Картинный диктант)*

   Кæрдæ**г**, къæндзæ**г**, зæрбату**г**, дзæгæрæ**г**, сар**гъ**, тæрхæ**г**, саха**т**, бæлæ**гъ**, кард, цæвæ**г**.

### *2-аг цуппæрæнхай*

1. **Зæрдивардæй ниффинсун:** (письмо по памяти)

   ***Баханхæ кæнетæ мивдесгути буни:***

   Думгæ æд уорс меттæ
   Уазал æрбахаста
   Æма ехин хедтæ
   Донбæл исаразта

2. **<u>Дзурдуатон диктант.</u>**

   1) ***Баханхæ кæнтæ æнкъай æмгъæлæсонти буни:***

Мегътæ, сæгътæ, рæгътæ, гогузтæ, бабузтæ, хъæзтæ, ругтæ, мæргътæ, æнгозтæ, ходтæ, лæгтæ, æрдозтæ.

## *3-аг цуппæрæнхай*

1. ***Зæрдæвæрдæй рафинсун:***
   ***(баханхæ кæнетæ миногонти буни)***

Мади къохтæ фæлмæн æнцæ,
Æ фембæлд нин адгин æй.
Махæн мадæ æй нæ дæнцæн,
Харакет æй, бухсагæ `й

3. **<u>Уæгъдебар игъосгæ финст</u>** (свободный диктант)

Ралæудтæй уалдзæг. Æрдзæ райгъал æй. Хор хъæбæр тавуй. Мæргътæ хонсарæй тæхунцæ. Гъæди фæззиндтæй дзæкъолон.

❖ **Дзурдуат:** ***дзæкъолон – малусæг – подснежник***

4. **<u>Æвзаргæ игъосгæ финст</u> (выборочный диктант)**

(Æнкъай зæллангон æма æзæллангон æмгъæлæсонтæ дз-ц; гъ-х; з-с – йи растфинсуйнади темæбæл)

1) ***<u>Сатæг</u> бони косун æнцон æй.***
2) ***<u>Рæсог</u> æй Ирæфи дон.***
3) ***Гоцгæнагæ <u>мæргътæ</u> хонсармæ <u>фæттахтæнцæ</u>.***
4) ***<u>Карз</u> <u>дзурд</u> ма кæнæ хестæрмæ.***

## *4-аг цуппæрæнхай*

1. ***Зæрдæвæрдæй рафинсун: (баханхæ кæнун мивдесгути буни)***

Деденæги сурх туруса
Арф хæмæли ирæзтæй.
Фур соцъайæй цъæх пуруса
Сугъта адæн фур мæстæй.

2. ***Рафинсун æмдзæвгæ цохгонд дамугъатæ дзурдти байвæргæй.***

Мет ни .. ардта мартъий дуармæ
Ех фестадæй цæугæдон.
Фал æр .. евгæ хори гъармæ
Ратадæнцæ и .. æ бон.

3. ***Исаразун гъудиæдтæ лæвæрд дзурдтæй. Зæрдивæрдæй сæ рафинсун.***

1) ***н***ærсунцæ, къадотæбæл, къомбохтæ, бæлæсти
2) æрдози, цъæх, гъазтонцæ, тæрхъостæ, тæрсагæ

❖ **Дзурдуат:** ***ærдозæ (будур) – поляна, лужайка.***

**Диктант «Мела»** ***1-аг цуппæрæнхай***

Цардæнцæ зæронд куй Мела æма тикис Муркæ. Тикисæн адтæй фондз бæдоли. Уæд Муркæ тургъæмæ рандæй. Мела гъазуй бæдæлтти хæццæ. Етæ æ рагъмæ исбурдæнцæ æма гъæр кæнунцæ. Куй цийнæ кæнуй. Уæдмæ Муркæ æрбацудæй æма гъур-гъур кæнуй. Мела рабурдæй дзатмамæ. Нур куй æнкъард кæнуй æнæ тикистæй.

***(46дз.)***

***2-аг, 3-аг, 4-аг гъудиæдти сæйраг иуæнгтæ иссерун æма сæ нæуæг рæнгъæбæл рафинсун.***

❖ **Дзурдуат:** ***дзатма – къолæсæр (крыльцо, навес – веранда, сень) .***

**Диктант: «Бæлæсти знæгтæ»**

Бæлæстæн устур зæран хæссунцæ аллихузон **листæг**хелгутæ. Етæ син хуæрунцæ сæ **сифтæ**, æхсинунцæ син сæ цъæрттæ,гъигæ син дарунцæ с**е 'дæгтæ**. Цъеутæ бахуæрунцæ еци листæг хелгути, æредзунцæ къудур кæлмити, æрахæссунцæ гæбæлоти, ракъахунцæ син сæ **æццæг.**

**Мæргътæ** хæссунцæ устур пайда. ***(39дзурди)***

***Ихæслæвæрдтитæ:***

1) ***радех кæнун хæссунмæ: хæссунцæ,мæргътæ;***
2) ***рафинсун дузæрдуггаг æмгъæлæсонти хæццæ 2 дзурди.***

**2 –аг *цуппæрæнхай***

**Темæ: «Дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæ»**

**Диктант: «Хъурройтæ»**

**Фæззигон бæнтти** хонсармæ тæхунмæ æрæмбурд æнцæ **хъурройтæ.**
Етæ берæ **фæззилдæнцæ донгæнтти** сæрмæ. Æртикъумон рæсугъд рæнгъæй раеудагъ æнцæ **хъурройтæ** арвбæл æма **фæттахтæнцæ** гъар бæстæмæ. Бæрзонд арвæй ма игъусунцæ сæ фæндарасти гъæртæ.

Даргъхъур мæргътæ тагъд кæнунцæ хонсармæ, цæмæй сæ уазалтæ ма **феййафонцæ.**

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***Исерун дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонти хæццæ дзурдтæ æма син сæ буни баханхæ кæнун.***
2. ***Еу рæнгъæй иннемæ дзурдтæ рахæссун:* фæттахтæнцæ,хъурройтæ.**

**Кусти дæнцæн:**

1) Бæрзонд – бæрзондæй.
2) Мæргътæ –маргъи.
3) Рæсугъд –рæсугъдæй.

# Изложени




## Сауцъеу.

Еу сæумæ Морат сæхецæй рацудæй. Къæсæрбæл ку бахизтæй, уæд сæ тикиси рауидта, æ цъухи цъеу, уотемæй. Сауцъеу æ базуртæ тилдта, æхе уæгъдæ кæнунбæл архайдта.

Биццеу тикисбæл фæгъгъæр кодта. Тикис цъеуи фæггæлста. Маргъ адтæй тарст. Цъеу туххæй уолæфтæй, тæхун дæр нæ фæразта. Морат сауцъеуи хæдзарæмæ бахаста. Мæргъти лимæн ин хуарз базилдæй æ цæфтæмæ.

Сауцъеу тагъд радзæбæх æй æма фæттахтæй.

**Фæрститæ:**

1. Ка ниййахæста сауцъеуи?
2. Куд фæййервæзун кодта Морат сауцъеуи мæлæтæй?
3. Ци бацæй сауцъеу идарддæр?

**Пълан:**

1. Морат рауидта с æ тикиси.
2. Тикис сауцъеуи ниййахæста.
3. Биццеу тикисбæл фæгъгъæр кодта.
4. Сауцъеу фæууæгъдæй.
5. Тарст маргъ.
6. Мæргъти лимæн базилдæй цъеумæ.
7. Сауцъеу фæттахтæй.

**Дзурдуат:** къæсæрбæл, сауцъеу, цъух.

***Разæфтауæнти хæццæ мивдесгути буни баханхæ кæнун.***

**Диктант: «Гъæди»**

Гъæдæ фæсуаруни! Ци ес уомæй рæсугъддæр! Уаруни **<u>æртæхтæ</u>** назубæл цирæгъти хузæн **<u>æрттевунцæ</u>**. Алли сифæ дæр, алли кæрдæги халæ дæр æ цийни цæстисугтæ баримæхсун нæ фæразуй. Кæмидæр, гъæди сæрмæ, тæмæнтæ калгæ исистадæй арвирдунæ.

Арви сæртæг гæрæхти фæсте гъæди лæууй циуавæрдæр æнахур уæлдæф. Цъеутæ цийнæ кæнунцæ хори æваст фæззиндбæл.

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. Рафинсун æртиккаг гъудиадæ. Сæйраг иуæнгти буни баханхæ кæнун.

2. Дзурди хæйттæ исбæрæг кæнун: исистадæй, баримæхсун.

## *3-аг цуппæрæнхай*

**Диктант: «Зумæг»**

Уазал думгæ æрбакодта цæгатæй. Хуæнхтæ æма рæгътæ уорс радардтонцæ. Уой фæсте зумæг æрхизтæй хуæнхтæй ниллæгмæ. Æ уорс кæрцæй бамбарзта гъæутæ,будуртæ æма гъæдтæ.Уони хæмпос дарæс æвзестау æрттевуй хормæ.

Дуйне ниррохс æй! Мæнæ мети рагъбæл фæззиндтæнцæ гъæддаг цæрæгойти фæдтæ. Уотæ æнцон ерæн нæбал æнцæ тæрхъостæ. Сæ уорс кæрцитæ сæ гъæуай кæнунцæ сирдтæй.

Ниллæудтæй гъизт зумæг. **(55дзурди)**

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. Рафинсун 1-аг, 4-аг, 5-аг гъудиæдтæй æртæ дзурдбасти : миногон+ номдар.
2. Рафинсун разæфтауæнти хæццæ архайдæвдесæг 3 дзурди

**Диктант: «Тундрæ»**

**Идард** цæгати уазал бæстæ хуннуй тундрæ. Уоми анзи æндæргъцæ гъар фæууй æрмæст æртæ мæйи. **Гъизт** зумæг тундри лæууй **авд** кенæ аст мæйи. Хор си **уалдзæг** зиннун байдайуй, æма адæм бацийнæ кæнунцæ æ гъарбæл. **Денгизтæ** æма цадити ехтæ æртайунцæ. Зайæгойтæ радарунцæ цъæх-цъæхид. Етæ **тагъд** кæнунцæ ирæзунмæ. Дессаги **рæсугъд** фæууй уалдзигон æрдзæ тундри. ***(52 дз.)***

***Рафинсун æнкъай зæллангон æма æзæллангон æмгъæлæсонти хæццæ дзурдтæ***

**Диктант: «Уалдзæг гъæди»**

Ци хуарз æй уалдзæг гъæди! Бæлæсти буни сур - сур кæнунцæ минкъий къанæуттæ. Хори фæлмæн туньæ тавунцæ зæнхæ. Гъар думгæ гъазуй бæлæсти сæртæбæл. Фæцъцъæх æнцæ сифтæ. Райрæзтæй нæуæг кæрдæг. Гъæди æрдозти фæззиндтæнцæ фиццаг деденгутæ. Зæлланг хъурæй зарунцæ гъæддаг мæргътæ. Хъургин борæмæлгъæ ку низзаруй, уæд иннæ цъеутæ банцайунцæ.Уоци сæумон заруни рæсугъд зæлтæ райгъал кæнунцæ иннæ цæрæгойти дæр. ***(57 дзурди)***

1. ***4-аг гъудиадæ нæуæг рæнгъæбæл рафинсун,æ иуæнгтæ иссерун æма син сæ буни баханхæ;***
2. ***1-аг, 2 –аг гъудиæдтæй рафинсун номдартæ, сæ кæрæнттæ син исбæрæг кæнун.***

## *4-аг цуппæрæнхай*

**Контролон диктант «Косæг фонс»**

Адæм косунмæ пайда кæнунцæ бæхтæй, галтæй æма къамбецтæй. Идард Цæгати цонæгътæбæл ефтиндзунцæ куйти æма сæгти.

Тæвдæ бæстити адæм косунцæ пилтæбæл. Тухгин æма фæразон пил æ хæтæл фиййæй фелвасуй ставд гъæдæ æма 'й фæххæссуй.

Сор æма зменсгун будурти адæм фæццæунцæ теуатæбæл. Етæ æнæ дон æма æнæ хуæруйнагæй бухсунцæ цалдæр бони. Зæнхон адæм къæдзæхтæбæл уæргътæ хæссунмæ дарунцæ хæргутæ. Минкъий æма тухгин цæрæгой æй хæрæг. Бухсагæ æма æвæлхаст æй аци фонс.

1. ***Рафинсун ӕртӕ дзурдбасти:*** ***миногон*** ***ӕма*** ***номдар*** ***еумӕ.***
2. ***Дзурди хӕйттӕмӕ гӕсгӕ равзарун дзурдтӕ:*** ***фӕххӕссуй, хуӕруйнагӕй.***

**Диктант: «Мӕнтӕг»**



Мӕнтӕг ӕй зайӕгой. Арӕхдӕр ирӕзуй уомӕл бунӕтти, дони билтӕбӕл. Ес ин устур сифтӕ. Етӕ ӕнцӕ ӕнгӕс монти–къӕндзӕги сифтӕмӕ. Мӕнтӕг ӕ уедагӕ рауадзуй мӕри хъӕбӕр арф. Бӕрзонд ирӕзуй ӕ зӕнгӕ дӕр.

Нӕуӕгдзуд мӕнтӕгӕн ӕ уедагӕ дӕр ӕма ӕ зӕнгӕ дӕр хуӕрунмӕ ӕнцӕ хуӕрзадӕ. Ӕ деденгутӕ ба ин кӕнунцӕ сор. Уонӕй аразунцӕ хуастӕ. **(52дз.)**

1. ***Рафинсун 2 вазуггин дзурди, сӕ уедӕгтӕ син исбӕрӕг кӕнун.***
2. ***Рафинсун 5 дзурди еу рӕнгъӕй иннемӕ хӕссӕн кӕмӕн нӕййес, уони.***

**Тест 3 къласӕн. Темӕ: «Нихаси хӕйттӕ»**

I. ***Исбӕрӕг кӕнетӕ цал гъудиади ес тексти. Ӕвӕретӕ гъудиади кӕрӕнтти стъӕлфитӕ.***

***Уалдзӕг***



Ралӕудтӕй уалдзӕг зӕнхӕ ракӕдзос ӕй метӕй кӕрдӕг хонсӕртти фӕцъцъӕх ӕй бӕлӕстӕн сӕ къомбох кӕлун райдӕдта гъар бӕстӕй цъеутӕ ӕртахтӕнцӕ мӕргъти зарунӕй уӕлдӕф байдзаг ӕй гъӕддаг цӕрӕгойтӕ сӕ хӕдзӕрттӕй рабурдӕнцӕ адӕн сӕ уалдзигон куститӕмӕ бавналдтонцӕ.

1) ***Баханхӕ кӕнетӕ сӕйраг иуӕнгти буни: (сӕйрат ӕма зӕгъуйнаг);***

2) ***Рафинсетæ хузæгмæ гæсгæ дзурдтæ. Æртæ къуари сæ фæккæнетæ, дугай дзурдтæ си рафинсетæ:***

| <u>Номдар.</u> | <u>Миногон.</u> | <u>Мивдесæг.</u> |
|---|---|---|
| уалдзæг | гъар | ралæудтæй |

***II. Гъæугæ мивдесгутæй гъудиæдтæ банхæст кæнетæ.***

**1.** Ревæд голлагæ хъел … . **2.** Нæ гъæуи куройнæ æнæ цалх … .
**3.** Кизгæ сауæдонæй къибилати дон … . **4.** Бæлæстæ дзæгæрæг … .
**5.** Зунд æма æфсæрмæ кадæ … .

***III.*** Миногонтæн сæ гъудимæ гæсгæ хæстæг дзурдтæ (миногонтæ) рафинсетæ:

Рæсугъд –… . Урух – … .
Егъау – … . Æвзонг – … .
Тухгин – … . Рæдау – … .

**Диктæнттæ æма сфæлдистадон куститæ (4-аг къласæн)**

1. ***Зæрдæвæрдæй рафинсун:*** (сæйраг иуæнгти буни баханхæ кæнун)

Хори тæфæй лигъз будурти
Фонси хезнæ фæббор æй,
Фонси къуæрттæ бон – изæрмæ
Не схезунцæ нæ донæй.

2. ***Рафинсун фæйнæгæй:***
***(дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæй дзурдтæ ба 'нхæст кæнæ)***

Лæ..й бæласæ бæгънæгæй,
Хъæ..æл уазалти æрæгъзалдæй.
Бæрзонд къадобæл еунæгæй
Сифтæр бундорæн æризадæй.

4. ***Зæрдæвæрдæй рафинсун:***
***(баханхæ кæнетæ миногонти буни)***

Мади къохтæ фæлмæн æнцæ,
Æ фембæлд нин адгин æй.
Махæн мадæ æй нæ дæнцæн,
Харакет æй, бухсагæ `й

5. ***Зæрдæвæрдæй рафинсун:***
***(Баханхæ кæнетæ дзурдбæстити буни*** (миногон + номдар)

И цъæх уалдзæг, тæмæн калгæ,
Нæ бæстæмæ фæззиндтæй.
Нæ будуртæ, нæ ирд хорæн
Фæббоз æнцæ æ тунтæй.

6. ***æвзаргæ диктант:*** (вазуггин дзурдти буни баханхæ кæнун)

1. Сæрдигон тæвдæ бæнтти адæн сæ гъар хъæппæлтæ раййивтонцæ рæуæг <u>уæледарæсæй</u>.
2. <u>Æрæгвæззæги</u> уазал бæнттæ арæх фæууй.
3. Мæнæуæ, <u>нартихуар</u>, зæтхæ æнцæ будуйрон тиллæг.
4. Бæлццæнттæ æхсæвеуат æркодтонцæ лæгæти.

7. Дзурдуатон диктант: ( вазуггин дзурдтæ равзарун; сæ нихаси хай син исбæрæг кæнун; еу дзурдбасти хæццæ гъудиадæ исаразун)

*Цæстуарзон адæймаг, нифсхаст биццеу, хуæрзхаст фонс, арф цæугæдон.*

## Контролон финсуйнаг: «Фæззæг»

Ралæудтæй фæззæг. Æрдзæ æ **фæлунст** раййивта. Бæлæстæ сæ цъæх дарæстæ æркалдтонцæ æма гъолæнттæ пъолцитæ æркодтонцæ.

Уæлдæф фæссатæг æй. Мæргътæн хуæруйнаг фæмминкъий кæнуй. Етæ сæхе цæттæ кæнунцæ хонсармæ тæхунмæ, зелунцæ будурти сæрмæ.

Адæм дæр сæ фæззигон куститæ кæнунцæ. Будурти æфснайунцæ нартихуар, картоф æма зæтхæ. Дзæхæратæй дæр исистонцæ гъæздуг тиллæг. Кæртæй лæуунцæ гъæдиндзитæ, æпхитæ, фæткъутæ æма кæрдтутæ.

Æрхæстæг кæнуй æрæгвæззæг. Кустуарзагæ адæм цæттæ æнцæ зумæгмæ. Етæ нæ тæрсунцæ уазал æма стонгæй. ***(69 дзурди)***

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***Рафинсун текстæй разæфтауæнти хæццæ дзурдтæ, исбæрæг кæнун еци дзурдтæн сæ разæфтауæнтæ.***
2. ***Исбæрæг кæнун сæйрат æма зæгъуйнаг:***

1-аг вариант – 2 - аг гъудиадæ;
2-аг вариант – фæстаг гъудиадæ.

## Диктант: «Æрæгвæззæг»

Раевгъудæй сугъзæрийнæ фæззæг. Хор арæх нæбал тавуй. Бæстæ фенкъарддæр æй. Нæбал игъусунцæ цъеути зартæ. Кæрдæг фæббор æй. Бæлæсти сифтæ æрæгъзалдæнцæ.

Ниллæудтæй æрæгвæззæг. Гъæддаг сирдтæ æма мæргътæ сæхе цæттæ кæнунцæ зумæгмæ. Арвæй райгъустæй хъурройти фæндарасти гъæртæ. Етæ зелунцæ арвбæл сæ райгурæн бунæтти сæрмæ.

Фæссатæг æнцæ фæззигон бæнттæ. Уазал думгæ хæссуй цæгатæй. Минкъий цадитæбæл тæнæг ехин цъарæ рабадтæй. Фæххæстæг кæнуй гъизт зумæг. ***(60 дз.)***

***Ихæслæвæрдтæ:***

1) Рафинсун вазуггин дзурдтæ, сæ едæгтæ син исбæрæг кæнун.
2) Рафинсун гъудиадæ. Номдарти сæрмæ хауæнтæ исбæрæг кæнун.

***1 – вариант: «Арвæй райгъустæй хъурройти фæндарасти гъæртæ».***
***2 – вариант: « Етæ зелунцæ арвбæл сæ райгурæн бунætт сæрмæ».***

## 2 - цуппæрæнхай

## Диктант: *«Дууæ æмбали»*

Гъæди дууæ æмбалебæл исæмбалдæй арс. Хуæцæнгарз ци биццеумæ адтæй, е бæласæмæ исгæпп кодта. Иннæ зæнхæбæл фæхъхъан æй мардæфсонау. Арс сувæллонмæ басмуста æма рандæй. Бæласæбæл ка адтæй, е æрхизтæй æма ходуй:
- «Ци дин дзурдта дæ гъоси арс? »
«Тасдзийнади сахати йе `мбали ка ниууадзуй, е æмбалæн нæ бæззуй,
- загъта мин арс». ***(49 дзурди)***

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***1-аг æма 3-аг гъудиæдтæн сæ номдарти хауæнтæ исбæрæг кæнун.***
2. ***Рафинсун вазуггин дзурдтæ.***

**Контролон диктант:** ***«Зумæг»***

Зумæг æ уорс кæрци буни фæккодта еугур хуæнхтæ, гъæдтæ. Еу æхсæвæ е гъузгæ-гъузгæ æрхъæрттæй мах гъæумæ дæр.

Фæззæг ледзуй зумæги разæй, æ бор хъæппæлтæ фæндагбæл пурх кæнуй, уотемæй. Уазал зумæг



сабургай æ миутæ æвдесуй. Дæнттæ æма зæнхæ æрæлхъивта. Æрдзæ ниррохс æй. Æ метин фæлуст хормæ æрттевуй. Сувæллæнтти цийнæн кæрон нæбал ес. Етæ зумæгмæ æрцæттæ кодтонцæ цонæгътæ, къахдзонæгътæ, къахбæхтæ.Зуймон гъæзтити рæстæг ралæудтæй. ***(64дз.)***

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***Рафинсун миногонтæ текстæй.***
2. ***Разæфтауæнти хæццæ мивдесгутæ рафинсетæ æма сæ исбæрæг кæнетæ.***

**Пурх кæнуй (хæлеу кæнуй, калуй ) – разбрасывает, раскидывает.**

**Сфæлдистадон куст 4 къласæн.** ***3- цуппæрæнхай***

*(Январи кæрони, кенæ ба феврали райдайæни)*

**Изложени.** **«Зумæги фудæгтæ».**

***Хузæ: «Сабийти зуймон гъæзтитæ»***

**Фарстатæ:**

1. Будуртæ æма гъæдтæбæл ка æритудта уорс гъæццол?
2. Ци бакодта фудаг зумæг?
3. Ка æхсилкъитæ кæнуй сувæллæнтти ростæ?
4. Ке хъæлæба игъусуй будурæй?
5. Етæ циуавæр гъæзтитæ кæнунцæ къолæбæл?
6. Цæмæй нæ тæрсунцæ минкъийтæ?
7. Цæбæл цийнæ кæнунцæ сувæллæнттæ?

- **Дзурдуат:** ***гъæццол, гъизт, æхсилкъитæ, хъæлæба, метинлæгтæ, кæрцитæ.***

  ***Зумæг – зумæгæй.*** ***Фудæгтæ – фудаги***
  ***Лæгтæ – лæгау.*** ***Фудæгтæ – фудаги***
  ***Исаразта – аразун.*** ***Игъæлдзæг – игъæлдзæги***
  ***Гъизт – гъизуй.*** ***Гъæзтитæ – гъазуй***

- ***Гъизт – хъæбæр уазал (ирдгæ) – сильный мороз (стужа)***

**Пълан**

1. Уорс гъæццол.
2. Зумæги фудмиутæ.
3. Зуймон гъæзтитæ.

***Фарстатæмæ гæсгæ ниффинсун радзурд (текст).***

Ралæудтæй зумæг. Æ уорс гъæццол æритудта будуртæ æма гъæдтæбæл. Фудаг зумæг зæнхæ æрæлхъивта, дæнттæбæл ехин хедтæ исаразта.
Хор кæсуй, фал гъизт ба сувæллæнтти ростæ æхсилкъитæ кæнуй. Уæддæр сабийти игъæлдзæг хъæлæба игъусуй будурæй. Еуетæ къолæбæл цонæгътæй гурунцæ, иннетæ ба метинлæгтæ аразунцæ. Нæ тæрсунцæ минкъийтæ зумæги фудæгтæй. Етæ гъар кæрцити гъазунцæ. Сувæллæнттæ цийнæ кæнунцæ зумæгбæл. ***(53 дзурди)***

**Контролон диктант «Баде»**

Фийййау Баде кастæй Хъазбеги хонхи цъоппмæ. Фонс бæрзонд хонхбæл ниххæлеу æнцæ æма цъæх кæрдæгбæл зудæй хизтæнцæ. Хор хуæнхти фæстемæ низзилдæй. Æрмæст ма Хъазбеги цъоппбæл гъазтонцæ æ ирд тунтæ. Æма Бадемæ уотæ кастæй, цума уоци гуппурсар домбай, зæронд, æхуæдæг еунæгæй игъæлдзæг дзубанди кæнуй идард хори хæццæ. Æма син неке фегъосдзæнæй сæ нихас. ***(50 дз.)***

***Рафинсун æртигай дзурди, нихаси хæйттæ хузæгмæ гæсгæ:***

| Номдар | Миногон | Миуæвдесæг. |
|---|---|---|
| … | … | … |

**Диктант: «Мæргъти сагъæс».**

Зумæг сауцъеутæ, зæрбатгутæ, борæмæлгъитæ æма дзубулдартæ цæрунцæ хонсари. Ами зумæгуат кæнунцæ цъахтæ, халæнттæ, гæркъæрагитæ, тæхгæцъеутæ æма метметгæнагитæ. Етæ сæхе хæстæг æрбаесунцæ адæймаги цæрæнбунæттæмæ. Сарати, мости, хуаллагдæнтти æма тургъти агорунцæ хуæруйнаг. Зумæги уазалти ба цъеутæ иссерунцæ сæхецæн гъардæр бунæттæ. Сæ мæтæ, сæ сагъæс æй раервæзун гъар уалдзæгмæ. ***( 46дз.)***

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***3-аг гъудиади дзурдти сæрмæ исбæрæг кæнун нихаси хæйттæ.***
2. ***5-аг гъудиади дзурдти сæрмæ исбæрæг кæнун хауæнтæ.***
3. ***Текстæй рафинсун дууæ мивдесæги разæфтауæнти хæццæ.***

**4- цуппæрæнхай**

**Контролон диктант «Нæ æрдзæ»**

Дессаги гъæздуг æма рæсугъд æй Иристони æрдзæ! Арвбæл æмбæлунцæ нæ уорссæр хуæнхтæ. Минкъий дæлдæр цъæх дарунцæ уæлхонх сæрвæттæ. Уоми уалдзæгæй сауæнгæ фæззæгмæ сонгун кæрдæгбæл хезунцæ фонс. Никки бундæр – тар гъæдæ. Бæрзæ, нæзи, толдзæ, тæрсæ æма сибулдзæ бæлæстæ нимбарзтонцæ рæгътæ.

Хуæнхтæй игурд сатæг дæнттæ фордмæ уайунцæ тагъд. Донæфсес цъæх дæлвæзтæ аллихузон деденгутæй гъолон дарунцæ. Раст цума, горцъе æмбæрзт ес дони билтæбæл, уоййау си цæстæ не 'фсæдуй.

Ӕрдзæ æй нæ дарæг, нæ уодæнцойнæ. Уой фæрци нин нæ фæллойнæ хæссуй фарнæ æма берекет. **(80дз.)**

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. Рафинсун æртигай дзурдбæститæ: ***миногон + номдар.***
2. Гъудиади æмхузон иуæнгтæ иссерун æма син сæ буни раст баханхæ кæнун.
3. 3-гай вазуггин дзурдтæ иссеретæ æма сæ рафинсетæ.

**Дзурдуат:** ***сибулдзæ, аллихузон, горцъе.***

## Диктант «Дзæуæгигъæу»

Бунтондæр раййивта æ хузæ нæ республики сæйраг горæт Дзæуæгигъæу. Уруссагау æй хонæн Владикавказ. Бæрзонд хæдзæрттæ радаргъ æнцæ гъæунгти фæйнæ фарсеми. Цъæх бульвартæ æма хуæрзаййев сквертæ цæстæнгас сæхемæ сайунцæ. Етæ æнцæ Дзæуæгигъæуи фæзти æма гъæунгти федауцæ. Фæскуст си адæм бадунцæ къелатæбæл кæдзос æма рæсугъд æрдзи.

Никки дессагдæр ба æнцæ сувæллæнтти евхæрсæн бунæттæ. Уоми сабийтæ аллихузон гъæзтитæ кæнунцæ.

Институтти галауантæй, заводтæй зæрдæ рохс кæнуй. Идæрдтæбæл низзилдæнцæ горæти цæрæнбунæттæ. Рæсугъд хæдзæрттæ фулдæрæй – фулдæр кæнунцæ. Дзæуæгигъæуи ес устур иуазæгдзæрæнтæ. Уоми æрфусун кæнунцæ куд Уæрæсей адæм, уотæ фæсарæн бæститæй дæр. ***(84 дз.)***

**Дзурдуат:** Бунтондæр, раййивта, хуæрзаййев,фæскуст, никки, евхæрсæн, аллихузон, институтти, иуазæгдзæрæнтæ.

***Ихæслæвæрдтæ:***

1. ***Рафинсун миногонтæ номдарти хæццæ текстæй (дууæ дзурдбасти).***
2. ***Мивдесгути хæццæ рафинсетæ фæрсдзурдтæ (дууæ дзурдбасти).***
3. ***6 – аг гъудиади номдарти хауæнтæ исбæрæг кæнун.***